



Pou Piblikasyon Imedya: 10/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO AK PREZIDAN SUNY LA H. CARL MCCALL
ANONSE RETRÈT PREZIDAN AN**

Prezidan H. Carl McCall te deklare, "Aprè dis ane sèvis, mwen deside pran retrèt kòm Prezidan Konsèy Adminsitrasyon State University of New York la (SUNY). Mwen kwè li tan pou mwen pou pouswiv lòt enterè epi pèmèt yon nouvel vizyon pou mennen SUNY nan somè ki pi wo toujou. Mwen vle remèsye Gouvènè a, manm konsèy yo, lidè pou lavni fakilte a ak New York - etidyan nou yo, pou sipò san mezi yo pandan mwen te sèvi nan yon pòs enpòtan konsa".

Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare, "Li dous ak anmè pou anonse retrèt an Jen Prezidan SUNY an H. Carl McCall apre plis pase 50 ane sèvis piblik. Prezidan McCall se yon zanmi ak yon fonksyonè tipik ki te dedye tout karyè li pou amelyore lavi lòt yo.

Prezidan McCall pa te janm repouse yon demann pou ede epi li te demontre angajman san parèy li a pou New York ak nasyon nou an tout tan, gen ladan kòm Senatè Eta a, Kontwolè, Komisè, Anbasadè nan Nasyonzini epi pi resaman kòm Prezidan Konsèy Administrasyon SUNY an depi 2011. Reyalizasyon li yo anpil men n ap sonje li pandan lontan pou angajman pwofon li pou egalite, divèsite ak aksè nan edikasyon pou asire etidyan New York yo, espesyalman ki soti nan zòn ki mal desèvi yo, jwenn yon edikasyon wot kalite epi ki abòdab.

Li te yon pyonyè ki te trase chemen pou lòt yo suiv, epi li pa janm bliye objektif fondamantal gouvènman: fè yon diferans pozitif nan lavi moun n ap sèvi yo. SUNY pi solid akòz lidèchip Prezidan McCall, epi eritaj li ak enpak li sou tout Nouyòkè yo pral dire lontan apre li demisyone. Mwen rejwenn tout Nouyòkè yo nan selebre karyè distenge Prezidan McCall la epi remèsye li pou sèvis li pou Eta nou an".

###

Lòt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)